CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #८७

०९।१२।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## बीमा समितिके अनुसार अईसभ कारणसँ कोरोना बीमा दाबी भुक्तानी ढिलाई भळरहल छै

१. दाबी भुक्तानीके लेल कोरोना बीमा मापदण्ड २०७७ मे तोकलगेल सब कागजातसभ पुरा भेल फाईलसभके मात्रे भुक्तानीके लेल बीमा पुल व्यवस्थापन शिखर बीमा कम्पनीमे पठाब परमे किछ फाईलसभ कागज पुरा नै केने देखेलाके कारण सँ ।

२. कतेको कोरोना परीक्षण रिपोर्ट नेपाल सरकार, स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय अन्तरगतके इपिडिमियोलोजी तथा रोग नियन्त्रण महाशाखामे पुष्टिके लेल पठाब परला सँ किछ समय लगलाके कारण

३. कतेको बीमा दाबीसभ दोहरा भेलाके कारण सेहो पुष्टि कर आ दोहरा भुक्तानी नियन्त्रण कर किछ समय लागबला भेला सँ ।

४. आश्विन आ कार्तिक महिनामे बेसी संक्रमण भेल आ ओई समयमे बीमा कम्पनीके कार्यरत कर्मचारी सभमे सेहो संक्रमण देखेला सँ ओई महिनामे दावी भुक्तानी प्रकृया अवरुद्ध भेला सँ ।

*बीमा कहके मतलबे क्षति भेल समयके सारथी भेला सँ सम्पूर्ण बीमित वर्ग दावी भुक्तानी प्राप्त करताह ।*

स्रोत: https://cutt.ly/Vh1zoWp

## नेपाल अपडेट




कोरोनाके कारण बन्द व्यवसायके सुचारु कर नाव मर्मत करैत पोखरा फेवातालके नाव व्यवसायी

चित्र: नारायणी सिग्देल

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: १८,९६,२५०

पोजेटिभ: २,५६,५९२

उपचाररत: ७,३८४

मृत्यु : १,८०८

सन्चो भएका : २,४७,४००






Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



बेलायतमे फेर कोरोना भाईरसके नयाँ रुप देखेलै कहादन । ई त पहिलेवला सँ सेहो बेसी घातक छै त ?

हँ संयुक्त अधिराज्यमे एहिबीचमे कोरोना भाईरसके नयाँ प्रकार देखाएल आ ऊ भाईरस पहिलेके भाईरस सँ बेसी संक्रमक रहल कहैत युरोपियन युनियन आ आरो देशसभद्वारा तत्कालके लेल संयुक्त अधिराज्य आब जायवला सिधा उडानसभ रद्द कएलगेल छै । तसर्थ नेपाल सेहो संयुक्त अधिराज्यसँ यात्रा प्रस्थान कल नेपाल आबवला यात्रु आ संयुक्त अधिराज्य होईत नेपाल आबवला यात्रुके ईहे पुष ७ गतेतक हवाईपटटीपर आबके लेल रहल बाहेक दोसर सूचना नै भेलातकके लेल आवागमनमे रोक लगाएब कहने छै ।

स्रोत: https://ccmc.gov.np/key_decisions/key%20dicision%202077.09.07.pdf



कर्णाली प्रदेशके हरेक स्थानीय तहके सब बेरोजगार रोजगारी पाओत वला बात आएल छै । वास्तविक बात कि छै ?

कर्णाली प्रदेशके मुख्यमन्त्री रोजगार कार्यक्रम निर्देशक समितिसँ वडा अनुसार बेरोजगारसभके विवरण तत्काल पठाव पालिकासभके निर्देशन देने छै । वडाअनुसारे रोजगारीके लेल बजेट विनियोजन भेलाके कारण सँ वडास्तरे सँ बेरोजगारसभके विवरण पठाब कहलगेल छै । मुख्यमन्त्री रोजगार कार्यक्रम कार्यान्वयनके लेल प्रत्येक वडाके करिब ५० लाख बजेट देबके तैयारी कएलगेल छै । मुख्यमन्त्री रोजगार कार्यक्रम अन्तर्गत मन्दिर, पदमार्ग आ दूबटियाके काम नै कराएल जेतै । वितलाहा वर्षमे आलोचना भेलाके बाद सरकार अई साल रस्ता, पिबवला पानीसँ सम्बन्धित योजना, सिँचाई आ भवन निर्माण लगाएतके विकास निर्माणके कार्यक्रम संञ्चालन कएल जाएत से जनौलक अछि ।

स्रोत: http://ocmcm.karnali.gov.np/node/507



देश बाहरसँ दक्ष श्रमिक लाब नै पाबीक सेहो बहुते उद्योगसभ चल नै सकल सुनमे आएल अछि । कि अखनो सरकार विदेशी श्रमिकके नेपाल आब कडाई करहल छै ?

कोभिड - १९ के प्रभाव अखनो खतम नै भेलाके कारण सरकार ओहन उद्योगके सुचारु कर "उत्पादनशिल उद्योगके लेल विदेशी श्रमिक लाब सम्बन्धी कार्यविधी, २०७७" लागु कल विदेशी श्रमिक लाबके रस्ता खोलने छै । तै के लेल उत्पादनशिल उद्योगके जरुरतके श्रमिक लाबके प्रयोजनके लेल आधिकारीक निकायमे निवेदन देब पड्त । निवेदनसँगे उद्योग दर्ताके प्रमाण पत्र, स्वदेशी या विदेशी लगानी खुलबला दस्तावेज, करचुक्ता केने प्रमाणपत्रके प्रतिलिपी, विदेश सँ श्रमिक लाबके औचित्य सहित श्रमिक लाबवला देश, नेपालमे प्रवेश करवला विन्दु आ ओई श्रमिकके रहवला जगह सहितके विवरण आ श्रमिक लाबवला मुलुक अनुसार श्रमिकके संख्या, श्रमिकके नाम, आ परिचय खुलवला कागजात संलग्न कर पड्त । साथसाथे श्रम स्वीकृती लेब सेहो सहजीकरण कर पड्त ।

स्रोत: https://moics.gov.np/public/uploads/shares/procedure/abbbbbbbbbbbbb.pdf



फेर साउदी जाय नै पाएब कहने छै सरकार ?

साउदी अरबके आन्तरिक मन्त्रालयसँ एक सप्ताहके लेल सम्पूर्ण अन्तर्राष्ट्रिय हवाई तथा स्थलमार्गसँ साउदी अरबमे होबवला आवागमन रोकने जनौलक अछि । नागरिकसभके स्वास्थ्य आ सुरक्षा सुनिश्चित कर सावधानी स्वरुप ई कमद उठेने जनाबेत जरुरत परलापर उडान स्थगनके अवधि लम्बा होब सकत से समेत अपन सूचनामे उल्लेख केने छै । अहिना साउदी सरकार सेहो दोसर सूचना जारी करैत कोभिड - १९ संक्रमण नियन्त्रणके लेल ५० कोई सँ बेसी आदमी उके जगहपर जम्मा होब प्रतिबन्ध लगेने छै अइ आदेशके उल्लंघन करवला विरुद्ध साउदी रियाल १५००० तक जरिवाना होएत सेहो जनौलक अछि ।

स्रोत: https://cutt.ly/Vh0Txlb

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगनियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ

३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,६१,५३६ संक्रमित | १,४८,७७३ संक्रमित | ९०,८१७ संक्रमित | १,४२,४४८ संक्रमित | १,९७,१२४ संक्रमित | १,२८,२३६ संक्रमित | ९८,७३७ संक्रमित | ५३,५३३ संक्रमित |
| ५,२५० नेपाली संक्रमित | २,१५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २७,४१२ नेपाली संक्रमित | ४,५०० नेपाली संक्रमित | ३०० नेपाली संक्रमित | ८१ नेपाली संक्रमित | २७ नेपाली संक्रमित |
| ८४ मृत्यु भएका नेपाली | १२ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १८ मृत्यु भएका नेपाली | ३९ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

**ShramikSanjal**

## कतारमे सेहो कोभिड - १९ विरुद्धके खोप शुरु

कतारमे सेहो कोभिड - १९ विरुद्धके खोप शुरु भेल छै । पहिल चरणमे अखन सरकार ७ टा स्वास्थ्य केन्द्रसभमे कोभिड - १९ विरुद्धके खोप उपलब्ध करेने छै ।

**कोभिड - १९ विरुद्धके खोप उपलब्ध भेल स्वास्थ्य केन्द्रसभ :**

अल वाजबा स्वास्थ्य केन्द्र – Al Wajba Health Centre
लिबैब स्वास्थ्य केन्द्र – Leabaib Health Center
बल रुवैस स्वास्थ्य केन्द्र – Al Ruwais Health Center
उम्म सलाल स्वास्थ्य केन्द्र – Umm Slal Health Center
रवदात अल खैल स्वास्थ्य केन्द्र - Rawdat Al Khail Health Center
अल थुममा स्वास्थ्य केन्द्र – Al Thumama Health Center
मुईथर स्वास्थ्य केन्द्र – Muaither Health Center




पहिल चरणमे बहुते प्रभावित आदमीसभके ई खोप देलजेतै ।
२०२१ मे एकरा कतारमे बसोवास करबला सबके उपलब्ध कराबके योजना कतार सरकारके रहल छै ।

www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३० करोड**

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार | प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम तथा उपचार कोष |
|---|---|---|---|
| ३६% | ११% | ४५% | ८% |

## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००

क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च

रकम निकासा

खर्च भएको रकम




accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल आषाढ मसान्ततक हेटौडा उप-महानगरपालिका सँ कोभिड - १९ मे केने खर्च




२०७७ साल आषाढ मसान्ततक हेटौडा उप-महानगरपालिकासँ कोभिड - १९ मे जम्मा ९५ लाख खर्च केने देखाईत छै । कोभिड - १९ सँगे सम्बन्धीत आरो स्थानीय तहसँ भेल खर्चके तुलना करबै त ई खर्च कमे छै । तै पर सँ हेटौडा उप-महानगरपालिका भेला सँ ओकरा आरो छोट पालिका सँ बहुते बड्का जनसंख्याके देखभाल कर पड़ैत छै । जम्मा खर्च मे सँ ऊ क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन तथा राहत आ उद्धारमे किछ बेसी रकम खर्च केने छै । तै सँ ओई खर्च शिर्षकके विस्तृत विवरण सार्वजनिक केनाई उपयुक्त हेतै । आरो खर्च शिर्षकके मुदा स्पष्ट तरिका सँ सार्वजनिक केने देखाईत छै । अई के कारण सँ प्रश्न करके जगह नै छै । आरो पालिकामे देखाएल राहत रकममे भेल बड्का रकम एत नै देखेनाई ओना आश्चर्यजनक छै । तसर्थ, आब होबवला नयाँ खर्च आ अखनतकके खर्च कम होबके कारण बुझनाई जरुरी छै ।

नोट: हाम्रो उद्देश्य सरकारले गरेको राम्रो काम र छुट्याएको बजेटको बारेमा सबैलाई जानकारी होस र सो पश्चात यस विषयमा नागरिक र अन्य सरोकारवालाको बिचमा छलफल भई सरकारलाई प्रयाप्त पृठपोषण प्राप्त होस् भन्ने हो । यहाँ प्रस्तुत विवरण पूर्ण हैन । उपलब्ध माध्यमबाट संग्रह गरी राखिएको हो । थप सही तथ्यांक संकलन गरी परिमार्जन गर्दै जानेछौं । यसमा सबैले सहयोग गरिदिनुहुन अनुरोध गर्दछौं ।

accountabilitylab NEPAL

# श्रमसँ सिखेने व्यवसाय




काभ्रेपलाञ्चोक जिला पनौती नगरपालिका-३ कुशादेवीके दिनेश घिमिरेके जेना होई घरपरिवारके हाथमुह जोड्के लेल पैसा कमायके छलै । एकदिस आर्थिक समस्या छलै, जै के कारण सँ गाम नजिके उच्च माध्यमिक विद्यालय होईतो पढ नै सकल । दोसर दिस पढाई छुटनाई आ फेर, राजनीतिक अस्थिरता संगे गाममे रोजगारीके कोनो अवसर नै छलै । ऊ पढाई बीचेमे छोडीक श्रम कर भारत गेला । १५ हे वर्षके उमेरमे तीन वर्ष भारतमे श्रम कळक नेपाल फिता आएल । आब हुनकामे वैदेशिक रोजगारीमे जायके ईच्छा जागल । नागरिकता बनावके प्रकृया बुझलापर हुनकर उमेर नै पुगलै । तेकरबाद २ वर्ष उमेर बढाक घिमिरेके नागरिकता बनलै ।

पहिल बेर कतार जायकाल हुनकर वास्तविक उमेर १८ वर्ष छलै, लेकिन राहदानीमे २० वर्ष लिखल छलै । हुनका मनमे पैसा कमाय परतै से मात्रे छलै । ओत डिपार्टमेण्टल स्टोरमे हुनका बढिया अवशर भेटलै । ११ वर्ष तक ओही जगहपर काज केलैथ ।

कतारमे रहनाई हुनका मेहनत कर सिखेलकै । ११ वर्षके बाद नेपाल फिर्ता आएल ऊ व्यवसायिक कृषि आ पशुपालन बाहेक किछ नै सोचलक । अपने गाँममे गाई आ भैसीके घर बनेलक, मुर्गी पाल खोर बनेलक । गाँममे आबीक लगानी लगाब लगलाके बाद व्यवसायिक रुपमे आगु बढके लेल गौखुरेश्वर कृषि तथा पशु फार्म दर्ता करेलक । २०७५ सालमे घरेलु तथा साना कार्यालय, जिला पशुसेवा कार्यालय, कृषि ज्ञान केन्द्र आ पनौती नगरपालिकामे व्यवसाय दर्ता केलाह ।

सरकारीस्तरसँ कृषि तथा पशुपालनमे लागवला युवासभके लेल अनुदान तथा सहयोगाके बढिया बढिया योजना देखाईतो वास्तविक किसानके लेकिन नै भेटैत छै से हुनकर शिकायत छै । चलाख आ कागज मिलाब सकवलाके आसानी सँ अनुदान भेट जाईछै लेकिन वास्तविक किसान पीडित भेल हुनकर अनुभव छै । पनौती नगरपालिकासँ किसानके लेल बढिया काम होईतो अपना जेहन व्यवसायिक कृषकके लेल आरो कार्यक्रम लाबके जरुरत रहल ऊ बताबैत छैथ ।

वैदेशिक रोजगारी सँ फिर्ता एलाके बाद काम कर प्राइम बैक बनेपासँ सहुलियत ब्याजमे २० लाख रुपैयाँ ऋण लळक काम कलरहल छैथ । अखन हुनकर फर्ममे एक हजारटा मुर्गी आ २३ टा गाईभैसी छै । दुध स्थानीय व्यापारीके बेचैत छैथ त, मांस काठमाण्डौं लळजाक बेचैत छैथ । कृषि व्यवसाय सँ अखन ऊ सोचल अनुसारके आम्दनी करहल होईतो सरकार सँ सहयोगाके अपेक्षा केने छैथ । विषेश कळक स्थानीय सरकारद्वारा आनलगेल योजनासभमे रोजगारके कार्यक्रम संगे उद्यम आ व्यवसायके प्रोत्साहित करवला कार्यक्रम आन परत से हुनकर सुझाब छै ।

सही सूचना

# काठमाण्डौ उपत्यकामे वितल १० दिनमे लैंगिक आधारमे देखाएल कोभिड - १९ के बिमारी




लम्बा समय सँ सब सँ बेसी कोभिड - १९ के बिमारी काठमाण्डौ उपत्यकामे रहल छै । उपरके रेखाचित्रमे काठमाण्डौ उपत्यकामे वितल १० दिनमे देखाएल कोभिड - १९ के नयाँ बिमारीके संख्या देखाएल गेल छै । अई अवधीमे संक्रमित होबवला जनानी आ पुरुषके रफतारमे कोनो फरक नै आएल छै । जत पुरुष संक्रमित होबके रफतार उच्च छै । उपत्यकामे मात्रे नेपालके कुल संक्रमितके संख्याके आधा संख्या रहल छै । लेकिन, ठंढा मौषम, आ आवाजाहीमे बन्देज खुला भेलाके बावजुद अखन नयाँ थपाय वला संक्रमितके संख्या सोचल अनुरुप नै बढल छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दळक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।



**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219